



Depatman Lasanté Lis Sèvis yo Ofri



*Misyon Depatman Lasanté nan
Rockland se proteje epi promoté meyè
santé pou tout rezidan Rocklan.*

Telefòn (845) 364-2512

Rockland County Department of Health
50 Sanatorium Road, Bldg. D
Pomona, New York 10970

EDWIN J. DAY
County Executive

 **Rockland County** [RocklandCountyNY.gov](https://www.rocklandcountyny.gov)
HEALTH



facebook.com/rockhealth



x.com/rockheath



instagram.com/rocklandhealth



Bay Sèvis Planin ak Edikasyon

Klinik Planin Familyal
(845) 364-2531

Lokal Yo:

Yeager Health Center
50 Sanatorium Road, Bldg. A 2
zyèm etaj, Pomona, NY 10970
14 South Main Street
Spring Valley, NY 10977

Tanpri rele klinik la pou lè yo travay, pou plis enfòmasyon oubyen pou pran yon randevou.

Sèvis yo Ofri:

Sèvis konfidansyal pou fanm ak gason nan laj yo ka fè pitit (adolesan jiska laj avan menopoz) inklu Sèvis egzamen jinekolojik ("GYN") (metòd pou anpeche gwoès) kontrasepsyon, tès gwoès ak konsey, edikasyon sou nitrisyon, paptès egzamen pelvis ak egzamen tete. Nou fè tès è bay tretman pou (enfeksyon seksyèl ki transmisib) STI (sexually transmitted infections), Tès HIV pou gason ak fanm ak konsey. Nou osi referé klyan a lot founisè medical epi nou bay resous kominotè nesèsè.

Nou asepte Medicaid, Medicare, ak Medicaid Kontwol Swen. Nou ofri frè a echèl (bazé sou kapasité de péman) pou adolesan ak pasyan ki pa gen asirans. Mandé infòmasyon sou pwogram gratis planin familyal.



Plan pou Repons Emèjansy

Preparasyon pou Emèjansy
(845) 364-2660

Pwogram nan kowòdone e gen responsabilité jesyone preparasyon pou repon nan ka demègansi, antrenman, e lot aktivité ki gen rapò ak sa.



Fè Fonksyone Pwogram WIC (Fanm, Tibebe, Timoun) ak Nitrisyon nan Rockland

WIC (Fanm, Tibebe, ak Timoun) Lokal Pwogram Nitrisyon

Biwo Prensipal:
(845) 364-2577

Tout Lokal WIC Yo:

Lindi-Vandredi: 8:00am—4:00pm
Tout apwentman WIC yo fèt pa telefòn, rele lokal yo pou plis detay.

Monsey WIC (845) 426-6351
23 Robert Pitt Drive, Sal 103
Monsey, NY 10952

Spring Valley WIC
(845) 426-0971
14 South Main Street, premie etaj, Spring Valley, NY 10977

Haverstraw WIC (845) 429-5525
26 New Main Street, Sal 1
Haverstraw, NY 10927

New Square WIC (845) 364-3329
9 Jackson Avenue, Besment
New Square, NY 10977

Nyack WIC (845) 353-6037
The Nyack Center
58 Depew Avenue



Evalyasyon ak Referans pou Timoun ki gen reta Devlopmanal

Chèche Timoun
(845) 364-3717

Ankouraje konsyantizasyon ak by konsey pou timoun a mwens de 3 lane ki gen risk pou reta devlopmanal.

Pwogram Dintènsyon Prékos
(845) 364-2032

Fè evalyasyon pou timoun ki poki gen 3 zan men yo sispek ki ka gen reta devlopmanal. Si yo elijib, yap bay sèvis a timoun nan ak fanmil.

Pwogram Edikasyon Espesyal Preskolè
(845) 364-2582

Bay enfòmasyon ak referal pou timoun 3 a 5 an ki ka gen reta nan devlopman yo.



Ofri Edikasyon sou Nitrisyon, Dyabèt, Sispan fimen, ak Pwogram sou la Santé

Promosyon Edikasyon sou la Santé
(845) 364-2500

Ofri yon varyete de prevansyon gratis ou a ba-pri kon maladi, pwogram pou ameliore vi, edikasyon sou la santé piblik an jeneral ak lot pwogram pou kominote a.

Pwogram enkli men pa limite a:

- Otojesyon maladi Kwonik
- Otojesyon e Prevansyon Dyabèt
- Preveni Maladi Konsènan Ekililb
- Prevansyon e Edikasyon Maladi Lyme
- Education sou Nitrisyon, Demonstrasyon sou Kwit Manje
- Sante ak Byennèt nan Lekol
- Pwomosyon ak Sipò Bay Bebe Tete
- Swen pou Timoun ak Jen moun ki bezwen Swen Spesyal
- Sekirite pou Moun kap Mache a Pie, sayo ki sou Bisiklèt



Ede nan Pwoteksyon Timoun kont Pwozon Plon

Prevansyon Kont Anpwozonman Plon (Nan Enfans)
(845) 364-2558

Bay evalyasyon e edikasyon sou nivo Plon ki ro nan anviwònman.



Bay Kowòrdinasyon EMS, Fòmasyon ak Resous nan Kominote EMS la, Ofri Kou CPR

Sevis Emèjansi Medikal (EMS)
(845) 364-8923 (Ki pa ljans)

Yo bay klas pou Teknisyen Emèjansi Medikal (EMT), CPR, Premye Swen, Patojens nan san, epi Stopé san kap koule. Anplwaye repons emèjansi a gwo echèl, e bay ajansi local yo resous siplemantè.

Apel Emèjansi (Anbilans)
Rele 911

Prevansyon
ak Kontrol
Maladi



Rockland County

HEALTH



Yo gen Klinik pou
Sante Seksyèl,
Tibèkiloz e
Vaksen

Sèvis pou Pasyan yo
(845) 364-2534



Sivèye e Investigé
Maladi ak Epidemi

Klinik Sante Seksyèl
(845) 364-3771

Lokal

Robert L. Yeager Health Center 50
Sanatorium Road
Bldg. A, 2nd Floor Rotonda
Pomona, NY 10970

Kilè

Madi e Jedi
1:00 p.m.—4:00 p.m.
Sou randevou sèlman.

Sèvis yo Ofri

Klinik pou tès ak tretman
konfidansyèl pou enfeksyon transmi
seksyèlman Tès VIH rapid sou-plas.
Sèvis adisyonèl gen ladan Terapi
Patnè Akselere (EPT); pre-ekspeze
pwofesyonèl (PrEP) tès konfidansyèl
VIH; Vaksen kont Epatit A ak Epatit B;
ak Vaksen kont Papillomavirus Imen
(HPV).

Nou trete tout pasyan epi ba yo
vaksen ki enpòtan gratis pou yo
ke yo gen asirans ou non.

TB (tibèkiloz)/Klinik pou Lestomak
(845) 364-2995

Lokal

Robert L. Yeager Health Center
50 Sanatorium Road
Bldg. A, 2nd Floor Rotonda
Pomona, NY 10970

Sèvis yo Ofri

Evalyasyon medikal konfidansyèl ak
tretman enfeksyon Tibèkiloz ak
maladi nan pou ni timoun ni
granmoun. Si yo jwn epi tret
Tibèkiloz bonè sa ka anpeché
pwoblem medical yo vin pi grav epi
poul pa pwopage a lot moun. Tout
sèvis yo se sou randevou sèlman.

Klinik pou Vaksinasyon
(845) 364-2524 or (845) 364-2520

Lokal

Pomona

Robert L. Yeager Health Center
50 Sanatorium Road
Bldg. A, 2nd Floor Rotonda
Pomona, NY 10970

Kilè

Chak Lindi, Vandredi
8:30 a.m. – 11:00 a.m.
Sou randevou sèlman.

Spring Valley

14 S. Main Street
Spring Valley, NY 10977

Kilè

Chak Jeudi
8:30 a.m. – 11:00 a.m. Sou
Sou randevou sèlman

Klinik Vaksen pou Adilt

Woutin vaksen obligatwa o Etazini
pou adilt ki pagen asirans paske yo
pa eligib.

Elèv ki nan Kolèj ajé 19 an ou plis ka
jwn gratis MMR (lawoujòl/malmouton)
lawoujyèl) ki gen prèv dinscripsyon.

Silvoulplè pote dosye ki prouve vaksen
oute pran avan yo.

Klinik Vaksen pou timoun

Yo bay vaksen pou maladi ki komen
pou timoun/adolesan ki nan klas
elementè jiska klas segondè.

Prevansyon & Kontrol Maladi
(845) 364-2997

Jan sa mande anba Kòd Sanitè
(10NYCRR 2.10, 2.14) Eta New
York la, pwogram sa resevwa rapò
so maladi yo sispèk oubyen maladi
yo konfime daprè kominikasyon ak
doktè, enfimyè, laboratwa, mun kap
praktike Kontrol enfeksyon, Sant de
Sante, institutions leta, epi
dyagnostik nan lekòl nan lespas 24
èdtan.

Anplwaye yo envestige Maladi
transmisib yo ki ka gen ladan yo
kowonaviris (sevè oubyen ki rèd),
Epatit A, Lawoujòl, Varyòl, Laraj, ak
anpil lot.

Epidemyoloji
(845) 364-2997

Analize doné sou maladi transmisib
e kronik yo, pou idantifie tandans
maladi yo e detèminé sous yo pou ka
fasilite prevansyon. Sa fet an pati
nan sivyans kontinyèl doné lopital yo
pou chanjman nan maladi sa yo ki ka
indiké pwoblem sante nan kominote
ya a travè devlopman, aplikasyon ak
evalyasyon Kominote la Sante pou
amelyorasyon sante nan kominote a.

Bay sipò analitik pou tout pwogram
Depatman la Sante e repon a tout
rekèt kominote a pou enfòmasyon
especific sou konsèn de maladi
tèlke COVID-19, Lawoujòl, Epatit A,
ak lot maladi.

Sante
Enviwònman



**Ede Kenbe Dlo
pou Bwè San Danje**

Tès pou Dlo
(845) 364-2595

Konplent sou Rezo Dlo yo
(845) 364-2595

**Pèmi pou
Fouye/Deklasifye Pui**

(845) 364-2642

Testé Pui Prive
(845) 364-3173



**Diminye Risk
Maladi ki soti nan
Marengwen**

**Konplent sou
Marengwen**
(845) 364-3173



**Proteje Moun kap
Benyen nan Pisin
Kominotè**

**Pèmi ak Konplent
pou Pisin**
(845) 364-2175



Eliminasyon dechè solid

**Pwogram Zegui
(Pran Swen Zegui Medikal)**
(845) 364-2175

**Liyn Direk Pou Fatra
Danjere**
(845) 364-2444

Konplent pou Resiklaj
(845) 364-2175
Complaints (845) 364-2175



**Diminye Risk
Maladi Laraj**

Enkèt sou Maladi Laraj
(845) 364-2594

Kontròl Bèt Ki Môdé
(845) 364-2656

**Envestigasyon lè Bèt
Môdé Moun**
(845) 364-2656



**Pèmi ak
Inspeksyon
Instalasyon
Bronzaj yo**

**Instalasyon
Bronzaj Yo**
(845) 364-3173



**Enspekte Restoran,
Kafeterya, Kamyon
Manje e Kan pou asire
Food Sekirite Manje**

Pèmi pou Kan Tinoun
(845) 364-2603

**Pèmi/Konplent pou
Sèvis Manje**

(845) 364-2603

**Preparasyon pou
Manje Kiltivatè yo**
(845) 364-2603



Règleman Sistèm Dlo

Konplent Dlo Trou Régo
(845) 364-2656

**Reparasyon/Enstalasyon
Sistèm Septik**
(845) 364-2656



Rockland County

HEALTH

Sant Kòd Envestigasyon Rocklan (CRCI) ranfòse Kòd ak òdonans Rocklan County yo san patipri pou pwoteje sante, pwopriyete ak kalite lavi tout rezidan all Rocklan County.



Asire Sekirite Lojman

(845) 364-2585

Konplent Lojman

CRCI envestige tout konplent ki afekte sante ak sekirite rezidan ki nan County a, osi ke akizasyon ki enplike lokasyon pou yon sel-fanmi, lojman pou pliziè-fanmi, sayo ki pou lwe, ak sa pwopriyete yo abite.

Pèmi pou Lojman

Chanm Kay tou founi, môtèl, hôtèl, park ki gen mezon mobil yo, kanavals, avek kan ki dwe gen pèmi pou funksyone nan Rocklan County. CRCI enspekte pwopriyete yo chak ané e delivre pèmi pou establishman sa yo.

Ranfòsman Kòd Lojman

Nou fè enspesyon e renfòse aksyon pou asire ke pwopriyete rezidansyèl yo rete an konfòmite avek Kòd Sanitè Rockland County.

Regis Lokasyon kigen Pliziè Lojman

Chak kay ou batiman kigen 3 ou plis lojman dwe enregistre e obteni Sètifika Lwayaj Lokasyon Miltip. Se CRCI ki bay Sètifika sa yo.



Pwoteje kont Pwazon Plon

(845) 364-2585

Evalayason Pwazon Plon nan Kay

CRCI resevwa alèt lè yo jwen timoun ki gen nivo plon elve nan san yo ki se yon gro pwoblem espesyalman pou timoun. Pwazon sa ka lakoz devlopman yo ralanti, pwoblem pou yo apran oubyen nan konpòtman yo, IQ yo ka pi ba, paka tandé, e anksyete. Enspektè nou yo travay avek met kay ak lokatè yo pou idantifye e elimine expozisyon plon nan kay la.



Enfòse Lwa sou Tabak

(845) 364-2585

Vant Tabak a Minè

Lwa sou Prevni Adolesan Itilize Tabak la (ATUPA) se yon pwogram ki regle e checke etablisman ki van produi tabak nan County a pa van yo by Minè.

Fòmasyon Tabak NYS Sètifie

Fòmasyon gratis sou tabak pou moun kap van ak anplwaye yo pou yo konfòme a lwa tabak NYS nan Eta New York.

Lwa Fimen nan Lojman Miltip

CRCI responsab pou ranfòse Lwa Local No. 6 nan 2012 ki kontrole fimèn nan Lojman Miltip. Law a mande pou abitasyon kigen 3 ou plis inite etabli e poste polisi sou fimèn. Abitasyon ki gen 5 oswa plis inite oblije voye anplis, yon kopi règleman sa a bay biwo CRCI a.

Lwa Lè Pròp Linteriè (CIAA)

Nou ranfòse dispozisyon CIAA NYS la lè nou reponn a tout konplent konsènan fimèn tabak.

Konplent sou Fimen

Nou envèstige tout konplent sou Fimen an akò avek lwa ki aplikab pou lokalite, Eta, ak law federal yo.



Ankouraje Sekirite Lakay ou

(845) 364-3290

Healthy Neighborhoods (HNP)

Program Sante nan Katie a HNP ofri visit a domisil pou identifie e diskite yon variète de konsèn sou sante nan anviwònman ak sekirite a domisil. Rezidan Rockland County ki kalifye resevwa pwodwi gratis tankou detektè lafimen & kabòn monoksid, pwodwi pou prevensyon opresyon, ak kadna sekirite pou timoun. Pwogram bay tou prezentasyon intèaktif e angajan sou sante & sekirite a la mezon. Kèk sijè yo kouvri enkli:

- Sekirite Lafimen ak Dife
- Sekirite fè Manje
- Tès Radon
- Netwajaj ékologik
- Sekirite Kabòn Monoksid
- Oprezyon
- Sekirite pou Timoun ak Granmoun



Ranfòse Pratik Sekirite Etablisman Atizay Kò

(845) 364-2585

Pèmi pou Atizay Kò

Tout etablisman Atizay Kò nan Rocklan County, osi ke salon tatouaj ak pèsaj, dwe aplike e resevwa pèmi anyèl nan CRCI pou yo fonksyone. Pèmi obligatwa pou say o kap pratike Atizay Kò e ki anplwaye nan etablisman yo.

Enspeksyon Atizay nan Kò

CRCI fè enspeksyon etablisman Atizay Kò yo chak ane pou asire ke yo aplike règleman Leta ak la Sante nan County a

Konplent sou Atizay Kò

CRCI envestige tout konplent sou etablisman Atizay Kò yo.



Rockland County

HEALTH

Medsin Legislatif (845) 364-2826



Itilize la Syans pou mennen Ankèt sou Lanmò Sibit, Inatandi, e Vyolan



Detèmin Kòz ak Fason Lanmò yo Fèt



Fè Otopsi



Pataje Rezilta yo avek Fanmi yo ak Lapolis